



## Mesaj Enpòtan

- Lwa PATH la mande pou kèk ITIN ekspire.
- ITIN ki pa te sèvi nan deklarasyon enpo federal omwen yon fwa nan twa dènye ane fiskal ki sot pase yo, pral ekspire nan dat 31 desanm 2019 la.
- ITIN ki gen chif nan mitan ki se 83, 84, 85, 86 oswa 87 k ap ekspire nan fen ane sa a.
- Ou ap bezwen renouvle sèlman yon ITIN ki ap ekspire si li ap fè pati yon deklarasyon enpo peyi Etazini, oswa yon demann pou ranbousman ou konte depoze an 2020.
- Paspò pou moun ki depandan ki soti nan lòt peyi apa Kanada oswa Meksik oswa depandan moun ki se manm sèvis militè nan peyi Etazini ki nan peyi lòt bò dlo, dwe gen yon so ki gen dat dantre nan peyi a sou li - sinon lòt dokiman anplis ap egzije.

**Tcheke**  
[IRS.gov/ITIN](https://www.irs.gov/ITIN)  
pou plis detay.

# FICH ENFÒMASYON – ITIN k ap Ekspire

## Kontèks

IRS la fè chanjman nan pwogram Nimewo Idantifikasyon Endividyèl pou Kontribiyab (ITIN) (Individual Taxpayer Identification Number) akòz Lwa pou Pwoteksyon Ameriken kont Ogmantasyon Enpo (PATH).

## Ki sa ki ap chanje?

Tout ITIN ki pa te sèvi sou deklarasyon enpo federal sou revni omwen yon fwa pou ane fiskal 2016, 2017 oswa 2018 pral ekspire nan dat 31 desanm 2019 la Anplis de sa, tout ITIN ki gen chif nan mitan ki se 83, 84, 85, 86 oswa 87 pral ekspire nan fen ane sa a. IRS pral kòmanse voye avi CP-48 la. Ou dwe renouvle Nimewo Idantifikasyon Endividyèl pou Kontribiyab (ITIN) ou an pou w ka fè deklarasyon enpo Etazini w la nan fen ete a bay kontribiyab ki soumèt yon deklarasyon enpo ki gen yon ITIN ki gen chif nan mitan an ki se 83, 84, 85, 86 oswa 87 nan twa dènye ane ki sot pase yo men ki pokto renouvle ITIN yo. Avi a esplike etap pou swiv pou renouvle ITIN lan si l ap enkli sou yon deklarasyon enpo Etazini ke y ap soumèt an 2019.

IRS la ankouraje kontribiyab yo pou yo kòmanse pwosesis renouvèlman an leplito posib pou evite mache prese. Pa gen rezon pou tann jiskaske w resevwa avi ekspirasyon an. Si ou menm oswa yon moun nan fanmi w gen yon ITIN ki gen chif nan mitan an ki se 83, 84, 85, 86 oswa 87 e ou antisipe ke w ap gen yon obligasyon pou ranpli deklarasyon enpo pou 2019, ou ka soumèt aplikasyon renouvèlman an kounye a. Si ou resevwa avi CP-48 la apre ke w kòmanse pwosesis renouvèlman an, ou ka inyore l. Ou pa p gen anyen lòt pou fè sou bò pa w. Sonje, ane pase, ITIN ki te gen chif nan mitan ki se 73, 74, 75, 76, 77, 81 oswa 82 yo ekspire. Chif nan mitan 70, 71, 72 & 80 yo ekspire an 2016. Sa yo ki gen 78 ak 79 yo ekspire an 2016. Kontribiyab ki gen nimewo ITIN sa yo ki atann yo pral gen obligasyon pou deklare an 2020 ka renouvle nenpòt lè.

## Ki sa ou bezwen fè pou renouvle ITIN ou a?

Pou renouvle yon ITIN ki ap ekspire, ou dwe soumèt epi konplete [Fòm W-7](#) IRS ki se *Aplikasyon pou Nimewo Idantifikasyon Endividyèl pou Kontribiyab (Individual Taxpayer Identification Number)* ansanm ak tout dokiman idantifikasyon IRS egzije yo. Itilize revizyon ki pi ajou a sou Fòm W-7 la (Revizyon 9-2016) epi ale nan enstriksyon Fòm W-7 la pou direktiv.

Pou pèmèt inisyativ renouvèlman an fèt pi fasil epi redwi sou fòmalitye administratif, tout manm fanmi yo (sa gen ladan moun ki deklare enpo a, mari oswa madanm ak nenpòt moun depandan) ki liste sou yon deklarasyon enpo ka renouvle ITIN yo, an menm tan.

## Ki lòt bagay enpòtan ou bezwen konnen sou renouvèlman ITIN ou a?

Kontribiyab yo ka sèvi ak twa fason pou soumèt pake aplikasyon Fòm W-7 yo a. Yo kapab:

- Voye pa lapòs Fòm W-7 ak orijinal papye idantifikasyon yo oswa kopi dokiman ki sètifye nan ajans ki te ba ou yo a nan adrès IRS ki nan lis ki sou fòm nan. IRS pral egzamine dokiman idantifikasyon yo epi l ap voye yo tounen nan 60 jou.
- Sèvi ak youn nan [Ajan Sètifye kap Resevwa demann \(Certified Acceptance Agents, CAA yo\)](#) ki otorize pa IRS pou ede yo aplike pou yon ITIN. CAA yo kapab sètifye tout dokiman idantifikasyon yo pou kontribiyab prensipal ak segondè yo ansanm avèk paspò ak sètifika nesans pou depandan yo. Sa evite pou kontribiyab yo poste dokiman orijinal yo bay IRS, oswa
- Rele epi pran yon randevou nan yon [Sant Asistans pou Kontribiyab \(Taxpayer Assistance Center\)](#) IRS.

Si ou ranpli deklarasyon enpo Etazini avèk yon ITIN ki ekspire, ka gen yon reta pou yo travay sou deklarasyon enpo w la. Si w fè sa kounye a sa pral evite ou gen reta.

Ou pa bezwen fè anyen si ou pa gen egzijans pou fè deklarasyon enpo. ITIN ki sèvi sèlman sou deklarasyon ransèyman ki depoze nan IRS pa yon tyès pati, pa bezwen renouvle. Men, si ou sèvi ak ITIN nan pou ou fè yon deklarasyon enpo nan peyi Etazini nan tan k ap vini an (ki gen ladan li yon depandan), ou ap bezwen renouvle ITIN nan anvan ou deklare.

Mari, madanm, ak depandan pa ka renouvle davans. Yo ka renouvle ITIN yo sèlman lè yo depoze yon deklarasyon taks endividyèl, oswa yon lèt moun depoze yon deklarasyon taks sou revni endividyèl ki reklame yo pou yon avantaj taks pèmisib (tankou yon paran depandan ki kalifye kontribiyab prensipal ki reklame estati moun ki antèt k ap la lè y ap fil). Nan ka sa yo, yo dwe atache yon deklarasyon enpo federal ak aplikasyon pou renouvèlman W-7 yo a.

Sonje, IRS pa p aksepte ankò paspò ki pa gen sou yo yon dat dantre nan peyi Etazini kòm sèl dokiman idantifikasyon pou moun depandan ki soti nan non peyi ki pa Kanada oswa Meksik oswa moun ki sou kont manm sèvis militè ki nan peyi lòt bò dlo. Paspò moun depandan an dwe gen sou li yon so ki gen dat li antre nan peyi a -- sinon y ap egzije dokiman adisyonèl pou pwouve rezidans li nan peyi Etazini tankou:

- Papye medikal nan peyi Etazini pou depandan ki gen mwens ke 6 lane
- Papye lekòl pou depandan ki gen mwens ke 18 lane ak
- Papye lekòl, paye lwaye kay, atestasyon bank, oswa yon bòdwo sèvis piblik ki gen ladan li non plikan an ak adrès nan peyi Etazini si li gen 18 lane oswa plis.

**Pou plis enfòmasyon, vizite paj enfòmasyon [ITIN](#) lan sou [IRS.gov](https://www.irs.gov)**